

SOSYETE KOUKOUEY AN AKSYON

OREVWA AKADEMISYEN EMMANUEL MICHEL BAZILE

Dimanch 30 jen 2024, noumenm atizan kreyòl pèdi yon lòt Akademisyen, Emmanuel Michel Bazile. Yon lòt fwa ankò, lanmò lage nou nan lapenn. Nou tout konnen fòs angajman Emmanuel Michel Bazile -Mèt Ba- nan batay li pou defans epi pwomosyon lang kreyòl ayisyen an. Avèk vwayaj Akademisyen Emmanuel Michel Bazile nan peyi san chapo, se tout atizan kreyòl yo ki pèdi yon alye nan kan moun ki ap milite pou lang ak kilti kreyòl la.

Sepandan, tristès nou vin double, lè nou remake, Ministè Edikasyon Nasyonal, enstitisyon, kote Mèt Ba ta pe travay pandan plizyè ane pou li fòme etidyan nan didaktik kreyòl, ekri yon nòt kondoleyans sou *facebook* an franse sèl gressn. Nòt la parèt sou paj *Télé Pluriel* jou 5 jiyè 2024. Kalite ajisman sa a demontre, Ministè Edikasyon Nasyonal pase akote atik 5 konstitisyon 1987 la ki di akle: «Lang kreyòl la se sèl lang ki simante tout Ayisyen ansanm. Kreyòl ak franse se de lang ofisyèl peyi Ayiti.» Nan yon demach pou li respekte dwa lenguistik tout Ayisyen ki genyen lang kreyòl la kòm sèl lang ki simante yo ansanm, Ministè Edikasyon Nasyonal ta dwe ekri mesaj kondoleyans lan nan de lang ofisyèl peyi a.

Nou pran yon souf, lè nou aprann, lendi 8 jiyè 2024 la, Akademi Kreyòl Ayisyen an (AKA) te rann Mèt Ba yon omaj nan lang kreyòl la. Lang ki saimante tout Ayisyen yo ansanm lan.

Nou di Emmanuel Michel Bazile – Mèt Ba – bon vwayaj. Nou angaje nou kòm atizan kreyòl pou nou kontinye travay li te ap fè a epi nou ap toujou defann atik 5 Konstitisyon 1987 la. Nou voye kondoleyans nou pou tout manm lafanmi Emmanuel Michel Bazile – Mèt Ba – pou atizan kreyòl ki nan AKA yo epi tout lòt defansè lang kreyòl la lanmò sa a mete nan lapenn.

Mèt Ba, nou di ou mèsi depi jodi a, epi pou tout tan genyen tan.

Henri-Robert Durandisse
Manm Sosyete Koukouy nan Kanada
Michel-Ange Hyppolite (Kaptenn)
Manm Sosyete Koukouy nan Kanada
Akademisyen nan Akademi Kreyòl Ayisyen

Tankou nou te anonsé tout lektè paj kreyòl Haiti En Marche la, se semenn sa nou louvri segman ki rele Pwofil la nan paj la. Se yon espas kote nou ap mete pwofil moun ansanm ak enstitisyon ki jè onè lang kreyòl la.

Itilite ak pouvwa pwofil moun oubyen enstitisyon

Kleyomèn te toujou ap chèche yon fason pou li fè rèv li tounen reyalite. Li te yon jèn ekriven ak ampli lide ki toujou bouyi nan tèt li, men li pa te janm reyisi fè biblik la konnen ki moun li ye. Yon jou, pandan li ap mache nan lari Pòtoprens, li wè yon afich ki ap fè pwomosyon pou yon atelye sou fason yon moun ka ekri pwofil pou pwòp tèt pa li oswa yon enstitisyon. Li santi se ta kapab yon mwayen pou li pote diplis nan lang kreyòl la. Epi, li tou enskri tèt li nan atelye a.

Nan premye seyans aprantisay li, Kleyomèn aprann, fè pwofil se pa sèlman ekri sou kapasite ak reyalizasyon pèsònèl. Se an menm tan, yon mwayen pou yon moun fè wè epi konprann ki valè li pote anndan li. Li reyalize, istwa li gen anpil valè, menm si li pa te janm kwè sa. Avèk èd fasilitatè a, li kòmanse ekri pwofil li. Se yon fason pou li reflechi sou kapasite li, eksperyans li, sa li déjà reyalize epi tout sa li vle reyalize pou pwòp tèt li, pou lang kreyòl la, epi pou peyi li.

Apre kèk semèn nan atelye a, Kleyomèn kreye yon pwofil ki pa sèlman demontre kapasite li, men tou ki sèvi li yon zouti pwomosyon ki chaje ak pisans. Li kòmanse pataje pwofil li ak zanmi epi tout moun li konnen. Yon jou, li deside poste pwofil li sou yon rezo sosyal pwofesyonèl. Se konsa, yon maten, li resevwa yon imèl ki soti nan yon mezon edisyon ki te li pwofil li a sou entènèt la. Editè a enterese nan travay li epi li vle kolabore avèk li pou yon nouvo magazin literè kreyòl. Kleyomèn sezi. Li pa te janm panse yon pwofil ka fè li reyalize rèv li nan fason sa a.

Kleyomèn ak editè a te kòmanse travay ansanm. Pwofil li te sèvi kòm baz pou atire lòt kolaboratè nan pwojè a. Magazin literè a te vin popilè, e Kleyomèn te vin yon pèsònaj biblik yo vin respekte nan kominate literè a. Sa ki klè, sèke, yon pwofil byen fèt pa sèlman chanje lavi yon moun, men li kapab kreye opòtinite enpòtan pou enstitisyon ak moun ki anndan li yo.

Kleyomèn kontinye travay san pran souf, kreye koneksyon epi bati rezo solid ki ede plis moun dekouvrir valé yo epi reyalize rèv yo. Li aprann, pwòp istwa yon moun se pi gwo fòm marketing li, epi lè moun lan pataje li avèk lemonn, li ouvri pòt pou posiblite san limit debake sou li.

Alaverite, fè pwofil moun ak enstitisyon se pa sèlman yon teknik maketing; se yon zouti pisan ki kapab chanje lavi epi ede nan bati yon kominate pou li vin pi dyam. Kleyomèn aprann, avèk bon sipò nan devlope yon bon pwofil, nenpòt moun oswa enstitisyon kapab devlope vizibilite, kreye patenarya avèk lòt moun oswa lòt enstitisyon. Yon pwofil byen fèt se yon sous sikse pou yon moun, yon enstitisyon oswa yon kòz.

*Henri-Robert Durandisse
ak Kaptenn Koukouwouj*

Ki Moun Ki Jan Mapou?

Ki moun ki Jan Mapou(Jean-Marie Willer Denis)? Jan yo di li a: «Mapou se yon fòs nan lanati. Yon fòs san parey.»

Jan Mapou se alafwa yon kontab- pwofesè, etnolog, kreyolis, sanba-lodyansè-ekriven-powèt- administratè, dramatij-metè ansèn-aktè, librè, jounal, espikènan radyo, direktè sant kiltirèl ayisyen, konesè penti ayisyen (plis konesè kuizin ayisyen!), plis mari ak pèdfanmi. Epi nou bliye mete ansyen prizonye tou: msye te bwè prizon tankou envite Papa Dòk, yon kote yo rele fò Dimanch! Anfennkont, Mapou se yon nèg inivèsèl li ye.

Jan Mapou fèt Okay Difon jou 12 oktòb 1941, pitit Anthony Daudier (Okay) ak Octavie Denis, yon desandan Ayisyen ki fèt Kiba). Li fè etid primè ak segondè li kay Frè Enstriksyon Kretyen ak Lise Filip Gèrye Okay.

Se grann Mapou, manman papa li ki te pèmèt li rantre nan lekòl Frè yo, li te oblige sèvi ak batistè yon lòt timoun, paske nan moman an, Jean-Marie Denis (ki vin rele tèt li Jan Mapou) te gen 7 an. Sa pa rete la. Apre klas sètifica, menm granmè sa a, yon fanm total, pran pititpit li epi li al enskri li nan Lise Philippe Guerrier, Okay. Nan moman an, li te esplike direktè lise a, rezon ki fè li vin enskri timoun lan sou non Jean-Marie Willer Denis, ki pa te parèt sou papye lekòl, li te genyen pandan klas primè li yo kay Frè yo.

Apre filozofi I, li rantre Pòtoprens. Pwofesè pandan yon ti moman, li vin kontab diplome Edikasyon Nasyonal an 1965, apre li te fin etidye kontablite nan *École de Commerce Maurice Laroche*. Nan menm ane a, li kòmanse travay Labank Nasyonal Pòtoprens.

Jan Mapou (alyas Jean-Marie Willer Denis), se alafwa yon kontab-bankye, pwofesè, etnolog, atizan kreyòl, sanba-lodyansè-ekriven-powèt-womansye, administratè, dramatij-metè ansèn-aktè, librè, jounal, espikè, direktè sant kiltirèl ayisyen, konesè penti ayisyen (plis konesè kuizin ayisyen!). Anfennkont, Jan Mapou se yon nèg inivèsèl.

Nan dat 18 desanm 1965 toujou, lè li te gen 24 tran, Mapou se youn nan manm fondatè Òganizasyon Mouvman Kreyòl Ayisyen, ki vin kreye Sosyete Koukouy, ak doktè Ernst Mirville (Pyè Banbou), Henri Claude Daniel (Jan Tanbou), Émile Jules (Pyè Legba), Marie Lucie Bayas (Idalina), Émile Célestin Mégie (Togirm), elatriye.

"Sosyete Koukouy la ap goumen pou kilti pèp ayisyen an kite literati teledyòl la, literati bouch-an-bouch youn di lòt la - pou li antre nan liv. Sosyete Koukouy la pou li ankouraje tout atis-plim, tout [moun] lasyans ekri konesans yo nan lang manman nou ak papa nou." (Prefas, Choublak ak Kamelya, me 1968.) Soti ane 1967 rive 6 avril 1969, Mapou te premye animatè twa pwogram kiltirèl ak edikatif nan Radyo Karayib: "Emisyon Solèy" "Isit Jenès," ak "Owò Piblisite." Konsa, aktivite mouvman kreyòl yo dire prèske kat ane: soti 18 desanm 1965 pou rive jou 6 avril 1969, lè makout te debake nan estasyon radyo a epi pase menòt nan ponyèt Jan Mapou, Dr Ernst Mirville (Pyè Banbou) ak kèk lòt manm mouvman kreyòl ayisyen an ki te nan Radyo Karayib jou sa a. Msye a te pase kat mwa twa jou nan yon selil Fò Dimanch.

Nan Anba Mapou a, men ki jan Mapou te esplike kondisyon li kòm prizyonye nan Fò Dimanch: "Lò yon malere prizyonye chita men nan fouk sou siman frèt Fò Dimanch, nan mitan karanng ak tivè blanch ki ap trese-riban, lò yon malere yo arete san jijman lage nan kacho Fò Dimanch, pye atè, san kanson, toutouni tankou yon boutèy, yon manman anpoul-100 sou fontenn tèt li yon kin souspyant nan nen-l maten-midi-aswè, yon kin ki ap degaje yon odè bayakou k'oun vaporizatè ... Nou pase 3 jou 3 nuit san dòmi ap Iapriyè. Te gen 33 prizyonye anpile kou sadin nan yon ti kare prizon ki ka pran 7 moun pou pi plis. Yo tout te blese. Nan je, nan pye, nan men. Tèt kèk kase, dan kèk rache ... pye kèk kase. Yo pase 3 jou ap soufri. San pansman. San medikaman. San manje. Se 7 plat manje yo te ban nou yo, nou te separe ak yo. Chak moun te pran 2-3 kiyè pou soutni kè yo. Ti bokit-kin nan ki te konn sèvi pou 7 moun vin gen 26 lòt envite. Li pase 3 jou ap débòde... Li pa janm pran repo. Li pa janm fè twalèt. Mwen pa ka di plis pase sa."

Anfen, grasa Dye, avèk sekou fanmi Ii ak kèk zanmi, yo lage li, epi, Ii kontinye travay li Labank. Epòk sa a, Ii te fè twa zan etid nan Lekòl Etnoloji Ayiti. Anfen, desanm 1972, li te jwenn viza, epi Jan Mapou rantre Nouyòk. An 1979 ansanm ak yon gwoup atis, Kal Brinèl, Kesnèl Ipolit, Dyo Alèlè, msye fonde Sosyete Koukouy Nouyòk: "Potomitan Kilti Lakay – N ap klere nan fènwa." Men, rive nan ane 1984, degoute apre yon vòl nan épòt Kenedi, kote Ii te ap travay, epi fatige ak lanèj, Ii mande pou yo voye li Miyami. Depi lè sa a, Jan Mapou ap dirije tout sèvis *Parking Miami International Airport* yo (8.000 pakin ak 115 anplwaye) pou *Miami-Dade County Aviation Department*, kote li resevwa tout kalite onè kòm bon administratè. Li pran retrèt li kòm anplwaye *Miami International Airport* nan ane 2011.

Nan 1985, Jan Mapou fonde Sosyete Koukouy Miyami, Sosyete Koukouy te Kanada depi 1984 ak Michel-Ange Hyppolite (Kaptenn Koukouwouj), Nouyòk ak Max Manigat, Konetikèt ak Pascale Millien-Faustin, epi Angelucci Manigat, Tampa Be ak Gary Daniel (Nèg Gonbolyen), Santo Ayiti ak Dorcely Dede, Boston avèk Yvon Lamour, Arabini avèk Sherley Louis, Dèlma Ayiti avèk Anivince Jean-Baptiste. Depi 1990 msye se pwopriyetè Libreri Mapou, yon nan pi bèl libreri ayisyen nan dyaspora, dapre pawòl Jean Desquiron nan jounal *Le Nouvelliste*. Nan ane 1997, Jan Mapou fonde Sant Kiltirèl Mapou, ki klere kilti

peyi Ayiti pou tout moun lakou Miyami, ak konferans, pyèsteyat, dans, chante, penti, elatriye. Depi plis pase dizan, se chak senmenn Jan Mapou mete deyò nan jounal *Haiti en Marche* tout yon paj ki rele "Tigout pa Tigout". Jounen jodi a, se Ti Gout Pa Ti Gout Sosyete Koukouy An Aksyon, kote, an kreyòl, nou kab suiv lavi kiltirèl ayisyen.

Tout sa se twokèt, chaj la dèyè. Se sitou tankou sanba-ekriven-powèt- ekriven istwakout-dramatij pifò moun konnen Jan Mapou. Dapre sanba Pòl Larak, Mapou se yonn nan kèk gressn gran ekriven ki ekri an kreyòl senpman. Nan me 1968, pandan li ta pe viv an Ayiti, li te pibliye an kolaborasyon avèk, 10 lòt atis nan mouvman kreyòl, yon rekèy pwezi ki rele *Choublak ak Kamelya*, yon "bouke flè omaj pou tout manman. Liv sa a se premye rekèy powèm kolektif sou teren literè kreyòl la. Kèk ane apre sa, pandan li te ap viv Nouyòk, li pibliye yon lòt Iiv pwezi, *Bajou Kase* (1974). Nan 1981, Jan Mapou mete deyò *Pwezigram* ("Bay kou blye, pote mak sonje"), yon kokennchenn rèl pou peyi a.

Poutan, se pa powèt sèlman Jan Mapou ye: se sitou yon moun teyat. Li mete sou sèn plis pase 15 pyès teyat an Ayiti, nan Nouyòk ak nan Miyami. Se pyès teyat Pyè Legba, Feliks Moriso Lewa, Ralba, elatriye. Men, antanke moun teyat totalkapital, li se prensipalman yon dramatij. Jan Mapou se otè *Anba Tonèl* (1981), *Tatalolo* (1983), *Lanmò Jozafa* (1984), *Anba Lakay* (1988, Kolektif), *Maryaj Daso* (1989), *Fèt Manman* (1990, ak Kiki Wainwright), *Libète ou Lanmò* (1991), *Tout Kolon se Kolon* (1992). Sepandan, chedèv li se DPM Kanntè (*Drèt pou Miyami Kanntè, Teyat total*): yo jwe li premye fwa, nan dat 20 novanm 1994 devan plis pase 2500 moun, epi yon dezyèm fwa jou 4 desanm 1994. Depi 1996 DPM Kanntè se yon liv, epi li sou fòm video. Se listwa botpipèl, men pa listwa botpipèl chak chif sèlman, san non, san figi. Nou aprann poukisa yo kite peyi a, sa yo kwè, sa yo espere, sa yo reve. [...] "Nou soti nan Ginen, nou ap tounen nan Ginen."

Tankou Mapou di: "Kòd lonbrit yon sanba mare ak lavi peyi Ii, lavi pèp Ii, lavi fanmi li, lavi zanmore li, zanni katye li, kanmarad travay li. Kè yon sanba se yon gita 1 000 kòd sansib. Li akòde ak divès tay banbou, ak tout batri vaksin ki ap woule, soufle kadans konbit lavi a." (Prefas, *Choublak ak Kamelya*.)

Jan Mapou, se yon sanba toutbonvre! Se yon Ayisyen natif natal, ki konsakre plis pase 50 an nan lavi li nan defann lang ak kilti pèp Ayisyen an, ki se: Kreyòl.

Zonbi

Depi twa jou
Depi twa nuit
Lavi-m kite-m
Pasi-pala
M'ape chache-l
San zespwa.

Depi twa jou
Depi twa nuit
Bouyay pete
Lavi-m ale
O wi! L'ale
M'ape chache-l
M' pa sa twouve-l

Si sou wout nou
Nou ta kontre-l
Si nan pale koze
Koze pale
Si nan bese leve
Je-n ta kwaze
Tanpri... Di li
Di li pou mwén
San li m' se zonbi
M' pa sa viv
Men non... Koute
Koute byen
Si tout bon vre
Sou wout nou
Nou ta kontre-l
Bab pou bab
Di li
Di li pou mwén
Si li konnen
L' ap retounen menm jan an
Mwen pítit lamizè
Mwen pítit lasoufrans
Mwen restavèk
Domestik , tyoul
Si li konnen
Anba-anba m' ap rete
Pou lèzòt maltrete-m
Pou lèzòt meprize-m
Anba-anba m' ape rete
Pou lèzòt pilonnen-m
Tòchonnen-m
Toufounen-m
Di li
Tranpri di li pou mwén
Li mèt ale
M' pa fout bezwen-l ankò.

*Jan Mapou nan Pwezigram (1981),
paj 59-60 [òtografotè a]*